# Векало
# Яхьъяс
# яздина шолгIа кехат

*Векало Яхьъяс яздина шолгIа кехат* «тхьамдано» яздина ду «хаьржинчу зудчуьнга а, цуьнан берашка а». Схьахетарехь, и «зуда» цхьа динан тоба ю, ткъа и бераш цу тобанан декъахой бу. ХIокху доццачу кехат тIехь яздархочо кхайкхам бо, вовшийн деза бохуш. Цул сов, харцхьехамчех а, церан хьехамех а ларло боху цо.

*Дешхьалхе*

**1** [1] Тхьамда волчу аса яздо хаьржина зуда йолчу хьоьга а, хьан берашка
а. Суна шу баккъал а деза, ткъа суна дезна а ца Iаш, билггал долу бакъ-
дерг девзинчу массарна а дезаш ду шу. [2] ХIунда аьлча билггал бакъдерг
вайца долуш а ду, абадехь хир а ду.
[3] Да волчу Делера а, Ден КIант волчу Цо леррина къобалвинчу Iийса-
гара а долу дика а, къинхетам а, синпаргIато а хир ю билггал долу бакъ-
дерг девзаш а, вовшийн дезаш а долчу вайца.

*Билггал бакъдерг а, безам а*

[4] Суна чIогIа хазахийтира, вайга стигаларчу Дас весет ма-дарра, хьан
берех цхьадерш билггал бакъдолчуьнца лелаш хилар. [5] Ткъа хIинца ас яз-
до хьоьга, зуда, керла а доцуш, амма юьхьанца дуьйна а хиллачу весетах
лаьцна. И весет вай вовшийн дезаш хила деза аьлла ду. [6] (Ткъа безам ишт-
та бу: стигаларчу Ден весеташ лар а деш, вай лелар.) Иза шуна юьхьанца
дуьйна а хезна долу весет ду, и лардеш шу лелийтархьама.
[7] ХIунда аьлча адамаш Iехош болу дуккха а нах баьржина дуьнен чохь.
Цара Дала леррина къобалвина волу Iийса, адам санна, дуьнен чу валар
тIе ца дуьту. Иштта волу хIора стаг адамаш Iехориг а, Дала леррина Къо-
балвинчунна дуьхьал верг а ву. [8] Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа
а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца хьовсалаш.
[9] Дала леррина Къобалвинчун хьехамаша бохучунна тIе а детташ,
уьш лар а ца беш волчу муьлххачун а Делаца уьйр яц. Дала леррина

---

**1:4** Яхьъя 13:34; 15:12, 17.

Къобалвинчун хьехамаш лар а беш, Iаш волчун Деца а, КIантаца а уьйр
ю. 10 Нагахь шеца и хьехамаш а боцуш, ткъа кхин хьехамаш бахьаш цхьаъ
шу долчу вагIахь, аша цIа чу а ма вита иза, цуьнга маршалла а ма хатта.
11 ХIунда аьлча цуьнга маршалла хоттуш верг цуьнан зуламечу гIуллакхийн декъашхо хуьлу.

*Чаккхе*

12 Дуккха а дара сан шуьга яздан, амма иза шекъанца кехата тIехь яздан ца лаьа суна. Ткъа аса сатуьйсу, шу долчу а веана, юьхь-дуьхьал а волуш, дерриг а дIадийцаре, вай даккхийдер кхоччуш дуьззина хилийтархьама.

13 Маршалла доуьйту хьоьга хаьржина йолчу хьан йишин бераша а.